



Avètisman sou Politik/Règleman

Tit Règleman an: Egzijans Fòmasyon EEC Esansyèl 2.0

Nimewo Règleman an: FO-26-04

Dat Li Pibliye: 06 Me, 2026

Dat Li An Vigè: 01 Jiyè, 2026

Lyen Règleman an: [Link to full policy document](#)

ENFÒMASYON DEBAZ

Tou de (2) Sibvansyon Federal pou Devlopman Swen/Gadri Timoun (CCDBG) ak règleman Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti (EEC) egzije pou tout anplwaye nan pwogram ki gen lisans ak finansman EEC konplete pake fòmasyon EEC Essentials 2.0 (fòmilè Esansyèl) anvan yo kòmanse travay nan yon pwogram. Anplwaye yo dwe pran tou yon pake/lis Fòmasyon Anyèl EEC Essentials pou Rafreshi Memwa yo, ki dwe konplete sou oswa anvan 30 Jen chak ane. EEC ap mete ajou Règleman sou Egzijans Fòmasyon EEC Essentials 2.0 li a pou revizyon/rafrechisman anyèl sa a.

APLIKABILITE

Règleman sa a aplike pou tout moun k ap travay ak timoun epi ki konte nan rapò nan pwogram ki gen lisans ak sa ki resevwa finansman EEC.

MIZAJOU KI ENPÒTAN

Mizajou enpòtan sa yo te fèt nan Règleman EEC Essentials 2.0 an:

- Pake fòmasyon pou rafrechi memwa w sou EEC Essentials la disponib kounye a atravè LMS la.

- Tout anplwaye yo, sa ki enkli administratè ak volontè, ki travay ak timoun epi ki konte nan rapò a, dwe pran chak ane pake fòmasyon pou rafrechi memwa yo sou EEC Essentials la ki apwopriye a, kèlkeswa konbyen fwa yo travay.
 - Tout anplwaye ki konsène nan pwogram pou timoun piti yo (nan pwogram ki santralize yo ak nan gadri familyal yo) dwe konplete pake fòmasyon ki rele "EEC Essentials Refresher for Early Childhood." (← Rafreshisman sou EEC Esansyèl pou Pwogram Timoun Piti yo).
 - Tout aktivite ki aplikab Apre Lekòl ak Lè Lekòl Fèmèn (ASOST) anplwaye yo dwe konplete pake fòmasyon pou refreshi memwa yo sou "EEC Essentials Refresher for ASOST Programs," (← Rafreshisman sou EEC Esansyèl pou Pwogram Timoun Piti yo) sa ki elimine pati ki fokis sou tibebe yo.

- Pake fòmasyon rapèl sou EEC Essentials la pran apeprè twa èdtan pou konplete epi li dwe konplete nan oswa anvan 30 Jwen chak ane.
 - Anplwaye k ap travay kounye a nan pwogram ki gen lisans oswa ki finanse pa EEC, ki te konplete fòmasyon 12 èdtan EEC Essentials 2.0 sou oswa anvan **30 Jwen 2025** la, dwe konplete nouvo fòmasyon pou refreshi memwa yo sou EEC Essentials nan oswa anvan **30 Jwen 2026**.
 - Anplwaye ki nouvo nan travay nan pwogram ki gen lisans oswa ki resevwa finansman EEC ki te konplete fòmasyon 12 èdtan EEC Essentials 2.0 **apre 30 Jwen 2025** dwe konplete nouvo fòmasyon pou rafrechi memwa yo sou EEC Essentials la anvan **30 Jwen 2027**.
 - Pou avanse, nouvo anplwaye yo dwe konplete tout pake fòmasyon 12 èdtan sou EEC Essentials 2.0 anvan yo kòmanse travay epi yo dwe konplete pake fòmasyon pou refreshi memwa yo sou EEC Essentials la chak ane ant 1ye Jiyè ak 30 Jwen (fòmasyon inisyal EEC Essentials 2.0 la satisfè egzijans sa a pou premye ane a).

- Pake fòmasyon pou Rafreshi Memwa w sou EEC Essentials la ap konte sèlman pou premye fwa yo pran li nan èdtan fòmasyon devlopman pwofesyonèl ki obligatwa yo.

- Soti 1ye Jiyè 2026, lisansè yo pral kòmanse siveye pou verifye si nou konplete pakè sou fòmasyon pou Rapèl EEC Essentials la.

- Lè yo fin konplete pake fòmasyon pou rafrechi memwa yo sou EEC Essentials la, anplwaye k ap travay nan pwogram ki baze nan sant ak pwogram ki resevwa finansman yo dwe soumèt sètifika yo bay administratè oswa direktè pwogram yo, ki pral ajoute l nan dosye pwogram/dosye pèsonèl yo.
- Moun ki gen lisans Swen? Gadri Familyal pou Timoun ta dwe telechaje sètifika yo, ansanm ak sètifika tout anplwaye k ap travay nan pwogram nan, nan Bibliyotèk Dokiman yo nan pòtal LEAD la.

Tanpri sonje ke sa ki anwo a se sèlman yon rezime sou chanjman enpòtan nan règleman anvan an. Se pa tout kontni règleman an sa. TANPRI GADE LYEN KI ANWO A POU LI TOUT RÈGLEMEN AN.

ENFMASYON ANPLIS

- Pou plis enfòmasyon, tanpri gade For more information, Kesyon yo Poze Souvan sou [EEC Essentials FAQs](#) la.

PA AJOU / EKSPIRE

Règleman nou mete ajou sa a ranplase ansyen règleman EEC Essentials 2.0 sou Egzijans Fòmasyon EEC la ki te pibliye nan dat 8 Me 2024 la.